

Gid pou direktè sou Aksyon lapolis ki pa lokal nan lekòl Vil Nouyòk, tankou aksyon pou ranfòsman imigrasyon

Dokiman sa a bay konsèy sou pwosedi jeneral pou swiv si ajan lapolis ki pa soti Nna Vil la tankou ofisyè ki soti nan Biwo envestigasyon federal *Federal Bureau of Investigation* ("FBI") oswa ajan imigrasyon ak dwann *Immigration and Customs Enforcement* ("ICE") (ke yo rele ansanm, "ofisyè polis ki pa lokal"), mande pou gen aksè nan lokal lekòl oswa nan dosye elèv. Gid sa a pa aplike pou mezi Depatman Polis Vil Nouyòk *New York City Police Department* ("NYPD"), ki se aksyon nan lekòl, jan yo defini l pi ba a, ke lòt dokiman ak regleman kontwole. **Si yon ajan lapolis ki pa lokal bezwen gen aksè nan lekòl ou a, ou dwe kontakte konseye anchèj depatman Senior Field Counsel ("SFC") pou jwenn plis eksplikasyon dapre pwoesisis ki nan fen gid sa a.**

Y ap bay aksè nan lekòl sèlman kote lalwa egzije sa ak sèlman apre yo fin kontakte SFC a.

Lwa konsènan aksè nan lokal lekòl

Se New York City Police Department ("NYPD") ki responsab sekirite nan lekòl Vil Nouyòk epi ki otorize antre nan lokal lekòl dapre yon antant *Memorandum of Understanding* ant DOE ak NYPD ak regleman Chanselye a. Se regleman Polis NYPD ki la lontan sou aksyon polis nan lekòl k ap gide polis NYPD ak ajan sekirite nan lekòl *School Safety Agents*.

Polis ki pa lokal, tankou ajan ICE ka antre nan lokal lekòl oswa kontakte elèv nan lekòl sèlman nan yonn nan sitiayson sa yo: avèk konsantman; avèk bon jan manda; oswa nan ka ijans.

1. Konsantman

DOE pa dakò pou ajan polis ki pa lokal antre nan lokal lekòl yo nan okenn ka epi direktè yo ak lòt estaf lekòl la pa ka bay otorizasyon.

2. Bon jan manda

Si gen yon manda ki otorize yon polis ki pa polis lokal, tankou yon ajan ICE, pou pran yon mezi presi, tankou fè fouy oswa arrestasyon, li depnn de dimansyon manda a ak si se yon jij oswa ki delivre l oswa si yo te bay li dapre lalwa. dapre lalwa, DOE dwe obeyi manda valid lajistik men li difisil pou yon moun ki pa resevwa trening konnen si yon manda yon jij bay se yon manda valid. Kidonk, li enpòtan anpil pou jwenn yon kopi manda a epi kontakte SFC a avan w otorize yo antre ak yon manda. Si yon polis ki pa polis lokal tankou yon ajan ICE, prezante yon nenpòt manda, **bay SFC a manda a epi tann lòt lòd**.

3. Sitiayson ijans

Nan ka ra ki ekstrèmeman ijan tankou menas lamò oswa domaj fizik ki egziste oswa ki ka egziste, **rele SFC a epi fè ajan sekirite lekòl la rele NYPD imedyatman.**

Ajan Polis aktyèl ICE mande pou yo ta evite anjeneral antre nan lekòl.

Regleman aktyèl ICE ak sou pwoteksyon dwann ak fwontyè Etazini *U.S. Customs and Border Protection*, jan nouvo administrasyon federal ap konitye la, limite arrestasyon, entèvyou, fouy ak siveyans kote ki sansib yo, paegzanp lekòl. Entèvansyon polis nan lekòl nan ane sa yo parèt ra anpil.

Demand pou wè dosye elèv

Pandan regleman ICE sou kote ki sansib yo pa gen ladan aktivite tankou jwenn dosye oswa dokiman anplwaye oswa administratè lekòl oswa voye manda konparisyon, Iwa federal sou dwa prive(ki pa ijans pou sante oswa sekirite) jeneralman entèdi pou yo bay lapolis enfòmasyon ki nan dosye elèv, eksepte si gen lòd tribunal, manda konparisyon yo bay dapre lalwa oswa dapre konsantman alekri paran oswa elèv la bay si li gen laj 18 lane pou pi piti. Si nenpòt ofisyel polis, tankou yon ajan ICE, bezwen antre nan dosye elèv, bay yon kopi nenpòt manda remèt yon kopi nenpòt manda konparisyon oswa lòd tribunal ofisyel polis la bay ba SFC w la epi pa fè anyen jiskaske ou resevwa lòd nan men SFC a.

Pwoesis jeneral—Si yon ofisyel polis ki pa yon polis lokal, tankou yon ajan ICE, vin nan lekòl ou a pou nenpòt rezon:

1. Rankontre ofisyel a nan biwo ajan sekirite lekòl la.
2. Nan Biwo ajan sekirite lekòl la, mande ofisyel a non l ak nimewo badge/ID li, nimewo telefòn sipèvizè ofisyel a, rezon ki fè li vini lekòl ou a pandan lè lekòl.
3. Pran nenpòt dokiman ki nan men ofisyel a(paegzanp konparisyon; manda pou fouy; manda arrestasyon)
4. Avèti ofisyel a ke avan pou reponn demand li an, ou dwe avèti konsèy la epi tann lòd li.
5. Avèti ofisyel a ke li dwe rete deyò bilding lekòl la pandan w ap tann lòd konsèy la.
6. Avèti FSC w la, epi bay FSC a detay ak dokiman ou pran nan men ajan lapolis la. Pa fè anyen jiskaske ou jwenn lòd nan men FSC a.
7. Kontakte paran an apre ou fin kontakte FSC a.
8. Fè ajan sekirite lekòl la avèti estasyon polis NYPD la oswa Divizyon sekirite lekòl la, dapre ka a.
9. Si yon ofisyel polis ki pa polis lokal pa respekte lòd yo, pa eseye fè fòs pou bare okenn zak polis. Nan sitiyasyon sa yo, chèche otan enfòmasyon posib nan men ajan polis la epi avèti ajan sekirite lekòl la avèti SFC a ak estasyon polis NYPD/Divizyon Sekirite lekòl la.

Aplikasyon Regleman Chanselye a

Prensip sa yo ranplase regleman Chanselye ki egziste yo. Si yon ofisyel polis ki pa yon polis lokal, tankou yon ajan ICE, fè yon arrestasyon, swiv pwosedi ki nan seksyon III(C) Regleman Chanselye A-412. Si yon ofisyel polis ki pa yon polis lokal, tankou yon ajan ICE, mande enfòmasyon ki konfidansyèl, swiv tou pwosedi yo dekri nan Regleman Chanselye A-820.